

# Pwogram Sipleman SEPS pou Lwaye Fèy Enfòmasyon

## Kisa Pwogram Sipleman SEPS pou Lwaye ye?

Pwogram Sipleman Espesyal pou Prevansyon ak Soti (Special Exit and Prevention Supplement, SEPS) kapab ede moun ki adilt ak fanmi adilt kalifye (fanmi ki pa gen pitit) ki arisk pou antre nanabri epi ak moun ki deja nanabri pou yo jwenn bon lojman pèmanan. Kantite fanmi yo kapab apwouve pou resevwa Sipleman SEPS pou Lwaye p ap anpil akòz finansman ki disponib lan. Y ap konekte moun adilt ak fanmi adilt ki ka kalifye yo avèk founisè SEPS (òganizasyon kominotè), k ap ede fanmi an ranpli yon fòm aplikasyon epi chèche lojman. Pou fanmi ki nanabri yo, espesyalis lojman ak responsab dosye Depatman Sèvis Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS) Vil New York ap disponib pou bay yo èd.

## Ki kondisyon kalifikasyon yo?

### **Premyèman, fanmi an dwe tonbe nan youn nan kat (4) gwoup sa yo:**

- Gen yon manm ki: (1) t ap viv nanabri DHS nenpòt lè ant 1ye me 2015 ak 31 jiyè 2015 epi k ap viv nan moman an nanabri DHS pou Adilt Selibatè, oswa (2) k ap viv nan moman an nanabri DHS pou Fanmi Adilt yo, epi:
  - nan 12 mwa anvan li antre nan sistèmabri DHS, yo te degèpi li oswa li te kite yon kay nan Vil New York ki te anba yon pwosedi degèpisman oswa li te gen obligasyon pou kite kay la akòz yon lòd yon ajans Vil la te bay pou li kite kay la oswa akòz yon aksyon sezi-ipotèk oswa pou rezon sante ak sekirite jan ajans Vil la te detèmine sa, **OSWA**
  - te nan sèvis fòs lame Etazini anvan oswa nan moman an; **OSWA**
  - (Adilt Selibatè sèlman) te jwenn egzeyat pou soti nanabri pwogram tretman pou abi alkòl/dwòg, nanabri pwogram rezidansyèl oswa nan sant medikal ki lisansye oswa opere anba kontwòl Biwo Sante Mantal Eta New York (New York State Office of Mental Health) oswa Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg Eta New York (New York State Office of Alcoholism and Substance Abuse Services), plasman nanabri akèy oswa nan enstitisyon koreksyonèl pou li antre nan sistèmabri DHS.
- Gen yon manm ki se yon sivivan vyolans nanabri kay jan Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) Vil New York konfime sa epi swa l ap viv nanabri DHS pou Adilt Selibatè oswa nanabri DHS pou Fanmi Adilt men li pa t refize plasman nanabri HRA oswa l ap viv nanabri HRA epi li rive nan limit tan maksimòm pou li abite nanabri HRA epitou li arisk pou antre nanabri DHS pou Adilt Selibatè oswa nanabri DHS pou Fanmi Adilt.
- Li arisk pou antre nanabri DHS pou Adilt Selibatè oswa nanabri DHS pou Fanmi Adilt epi nan dènye 12 mwa yo, yo te degèpi li oswa li t ap viv nanabri kay nan Vil New York ki te oswa ki anba yon pwosedi degèpisman, yon lòd yon ajans Vil la te bay pou li kite kay la oswa yon aksyon sezi-ipotèk, oswa li te oswa li gen obligasyon pou kite yon kay konsa pou rezon sante oswa sekirite jan yon ajans Vil la detèmine sa.
- Gen yon manm ki arisk pou antre nanabri DHS pou Adilt Selibatè oswa Fanmi Adilt epi li te oswa li nan sèvis fòs lame Etazini.

### **Dezyèmman, fanmi an dwe gen:**

- Yon dosye Èd Piblik ki Aktif oswa Senp; epi
- Yon revni total fanmi an ki pa depase 200% nivo federal povrete.

**Finalman, fanmi an dwe jwenn yon kontra lwaye oswa yon akò alekri pou lwaye, yon kay ki gen yon pri lwaye ki nan nivo limit pri lwaye SEPS epi ki pwoteje kont ogmantasyon pri lwaye pandan omwen yon ane sof jan sa otorize anba lwa ak règ sou estabilizasyon pri lwaye oswa anba règleman Depatman Etazini pou Lojman ak Devlopman Iben (U.S. Department of Housing & Urban Development).**

## Pou konbyen tan pwogram nan la?

Depi gen finansman pou pwogram nan rete disponib epi depi fanmi an toujou kalifye, apre premye ane pwogram nan, fanmi an ka resevwa jiska kat (4) renouvèlman yon ane sipleman SEPS pou lwaye; ak kèk lòt renouvèlman yon ane san limit yo bay fanmi ki gen yon manm:

- k ap resevwa andikap sekirite sosyal (social security disability, SSD) oswa revni sekirite sipleman (supplemental security income, SSI) oswa k ap resevwa Èd Piblik chak peryòd epi ki ka kalifye pou avantaj sa yo dapre yon andikap ki pwouve nan dokiman; **OSWA**
- k ap resevwa avantaj federal veteran pou andikap.

## Konbyen lajan yon fanmi kalifye gen pou peye nan lwaye a?

Yon fanmi ki enskri nan pwogram SEPS dwe kotize 30% revni fanmi li, si genyen, nan pri lwaye a. Kantite lajan kotizasyon fanmi an pou ane a fikse nan moman fanmi an siyen kontra lwaye li epi sa p ap chanje pou premye ane a nan pwogram SEPS, men n ap revize li pandan renouvèlman anyèl fanmi an pou pwogram nan. Revni total fanmi an gen ladan salè moun lakay ou touche nan travay ak revni yo touche san yo pa travay, tankou SSI/SSD.

Ou **pa ta dwe** peye lwaye ki pi plis pase kantite lajan kotizasyon ou pa mwa, ni ou pa ta dwe peye okenn depo sekirite oswa frè koutye. (Minisipalite Vil la ap bay depo sekirite a ak frè koutye a, si li nesèsè.) Peman sa yo rele akò sou kote epi nou **entèdi** yo anba pwogram SEPS. Si nenpòt moun mande ou pou fè yon peman konsa, ou ta dwe rele nimewo 311 oswa 929-221-0043.

## Ki kantite lajan èd ki disponib pou lwaye a?

Pwogram SEPS gen anpil fleksibilite epi yo kapab sipòte yon fanmi k ap vin abite nan yon apatman yo an fèm oswa yon chanm yo lwe. Si w ap vin abite nan yon apatman, kantite lajan Sipleman SEPS pou Lwaye ou ap depannde revni fanmi ou ak kantite moun ki nan fanmi ou. Kantite lajan maksimòm pri lwaye a endike nan tablo ki anba la a. Tanpri sonje mèl kay yo pa gen pèmasyon pou yo fè ou peye okenn frè ki pa sa ki endike legalman nan kontra lwaye a. Mèl kay yo entèdi pou yo reklame lajan sipleman pou chofaj ak dlo cho. Tout kontra lwaye ant oumenm ak mèl kay la a, ak Minisipalite Vil la pa yon moun ki konsène nan kontra lwaye a.

**Tablo Pri Lwaye Maksimòm Anba Pwogram SEPS**

Kantite Moun ki nan Fanmi an	1	2	3	4
Pri Lwaye Maksimòm	\$1,213	\$1,268	\$1,515	\$1,515

### Egzanp SEPS

Sa ki anba la a se yon modèl kotizasyon lokatè ak kantite lajan èd nan peman lwaye. Kotizasyon fanmi an ak pri maksimòm lwaye a ap baze sou revni kay fanmi an ak sou kantite moun ki nan fanmi an.

Kantite Moun ki nan Fanmi:	2
Pri Lwaye Maksimòm:	\$1,268
Revni Kay la pa Mwa:	\$1,320
Kotizasyon Lokatè a pa Mwa:	\$396
Peman Lwaye pa Mwa:	\$872

### Si ou pral abite nan yon chanm ou lwe:

Kantite pri lwaye maksimòm pou yon chanm ou lwe se \$800 dola epi kantite lajan sipleman SEPS pou lwaye a ap reprezante diferans ant vrè pri lwaye a (apeprè \$800 dola) ak kotizasyon lokatè fanmi an pa mwa (k ap egal a 30% revni fanmi an).

## Kijan yon fanmi ap jwenn yon apatman oswa yon chanm epi siyen yon kontra lwaye oswa yon lòt akò pou lwaye?

Founisè SEPS la ap bay eksplikasyon so SEPS avèk plis detay pou kliyan yo, epitou y ap ede kliyan yo jwenn yon apatman oswa yon chanm SEPS admisib. Pou fanmi ki nan abri yo, espesyalis lojman yo ak responsab dosye yo disponib tou pou bay yo èd.

Si yon fanmi lwe yon chanm, lokasyon an dwe satisfè kritè sa yo:

- Apatman an pa kapab gen plis pase 3 chanm epitou toutopli 3 adilt ki pa anyen pou fanmi an (tankou fanmi SEPS) kapab viv nan apatman an.
- Si se yon mèl kay ki lwe chanm nan, chanm nan pa kapab nan yon apatman ki depannde Estabilizasyon Pri Lwaye.
- Si se lokatè prensipal la ki lwe chanm nan, lokatè prensipal la dwe ap viv avèk fanmi SEPS nan apatman an epi pri lwaye a pa kapab plis pase kotizasyon pwopòsyonèl SEPS pou pri lwaye a dapre kantite chanm yo.

Fanmi yo apwouve pou SEPS ka kalifye pou resevwa yon alokasyon pou mèb epi yo ta dwe travay avèk responsab dosye yo nan abri yo pou yo fè aranjman pou yo jwenn èd pou demenajman an. Mèl kay ki lwe apatman yo ap resevwa kat (4) mwa lwaye davans (oswa yon mwa lwaye okonplè ak yon lòt twa mwa sipleman davans pou lwaye), epitou y ap resevwa yon kupon depo sekirite.

## Ki èd mèl kay yo ak fanmi yo kapab resevwa lè y ap patisipe nan pwogram nan?

- Sant Apèl pou Èd Lwaye (Rental Assistance Call Center) HRA, ou kapab kontakte nan nimewo 929-221-0043, kapab ede mèl kay yo ak lokatè yo avèk enfòmasyon sou pwogram nan, referans pou sèvis gadri ak demann enfòmasyon sou peman.
- Fanmi ki te sot nan yon abri HRA ta dwe rele nimewo 929-221-7270 pou yo konekte avèk yon pwogram ki pa rezidansyèl epi ki baze sou kominote.

**Enfòmasyon ki nan deskripsyon pwogram sa a bay yon apès jeneral sou pwogram sipleman SEPS pou lwaye. Enfòmasyon yo pa la pou bay tout detay yo konsènan operasyon pwogram nan.**